CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #६८

२२।६।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## २६४ स्थानीय तहके स्वास्थ्य संस्था स्तरोन्नती कल ५/१०/१५ शैयाके अस्पताल निर्माण कर रकम निकासा



**५** शैयाके अस्पतालके लेल **रु. ७० लाख**

**१०** शैयाके अस्पतालके लेल **रु. ८५ लाख**

**१५** शैयाके अस्पतालके लेल **रु. १ करोड**

**५२** स्थानीय तहमे
**५ शैयाके** अस्पताल निर्माण कर
**रु. ३६ करोड ४० लाख**

**१०५** स्थानीय तहमे
**१० शैयाके** अस्पताल निर्माण कर
**रु. ८९ करोड २५ लाख**

**१०७** स्थानीय तहमे
**१५ शैयाके** अस्पताल निर्माण कर
**रु. १ अर्ब ७ करोड**

जम्मा रकम **रु २ अर्ब ३२ करोड ६५ लाख**

स्तरोन्नती होबवला स्थानीय तहके पालिकाके पूर्ण विवरण अई लिंकमे देख सकैत छी https://cutt.ly/Wgro6fp

स्रोत: https://cutt.ly/ugrpyuY

## नेपाल अपडेट



नौमुले गाउँपालिकाके अध्यक्ष भद्रे बुढामगर बुटवलसँ नयाँ किनलगेल एम्बुलेन्स अपने चलाक गाउँपालिका लल जाईत ।

चित्र: गोबिन्द के.सी.

### परिक्षण


पिसिआर परिक्षण: ११,३१,९५८

पोजेटिभ: ९८,६१७

उपचाररत: २६,६८४

मृत्यु : ५९०

सन्चो भएका : ७१,३४३




accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



दशमीमे घर जायवलाके १४ दिन क्वारेन्टाईनमे रह पइत कहिक समाचार आबिरहल छै । कि साँच छै ?

पाबैनतिहारके समयमे आदमीसभके आवाजाही बेसी भेलासँ घरमे रहल ज्येष्ठ नागरिक तथा आरो जोखिम वर्गके संक्रमण सरके सम्भावना बेसी होब सकला सँ अपने रहले जगहपर पाबैनतिहार मनाब सरकार सबके आग्रह कॆने छै । दशमीमे घर गेलापर १४ दिन क्वारेन्टाईनमे रहपरके निर्णय सरकार नै कॆने छै । लेकिन, जिला संकटव्यवस्थापन केन्द्र तनहुँ मुदा दशमी मनाव जिलामे जायवलाके १४ दिन क्वारेन्टाईनमे रहपइत कहिक निर्णय कॆने अछि । जे विषय विभिन्न समाचार माध्यमसभमे स्थान पेने छलै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/setopati/videos/433560340942335



आब २५ कोई सँ कमके सहभागितामे सभा गोष्ठी सेहो कर पेतै कि ?

नै, सरकार सभा गोष्ठि सञ्चालन कर पावके निर्णय नै कॆने छै । लेकिन, ब्यावसायिक तालिम प्रदायक संस्थासभके २५ कोई सँ कम सहभागि राखिक छोट अवधीके ब्यवसायिक तालिम मात्रे सञ्चालन करके अनुमती देने छै । एहन तालिमसभ सञ्चालन करैतकाल नेपाल सरकार, प्रदेश सरकार आ स्थानीय तहसँ जारी कएलगेल जनस्वास्थ्य एवम् सुरक्षा सम्बन्धी मापदण्डसभ पूर्ण रुपसँ पालना कर पइत ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/2077-ashoj-19-cabinet



कोभिड - १९ के संक्रमणसँ मृत्यु भेल आदमीद्वारा प्रयोग कएलगेल सामान फेरो प्रयोग कर नै मिलतै ?

कोभिड - १९ के संक्रमणसँ मृत्यु भेल ब्यक्तिद्वारा प्रयोग कएलगेल, लेकिन पुन: प्रयोगमे आब सकवला सामानसभ जेना: घडी, गरगहनासभ ७०% अल्कोहल सेनिटाईजरसँ पोईछ क धुपमे सुखाक मात्र प्रयोग क सकैत छी । तहिना कलक, मृतकद्वारा प्रयोग कएलगेल लत्ता कपडासभ गर्म पानी आ साबुनमे भिजाक धोलक आ धुपमे सुखा क पुन: प्रयोगमे आन सकैत छी । एना प्रयोग भेल सामान पुन: प्रयोग करैतकाल बहुते साबधानी अपनाब परैत छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1dbTpfm5aysdY9utUcOXLEbuZ-VUxQ5y5/view



अखन अस्पतालसभ आकस्मिक रुपमे शल्यक्रिया करपरवला बिमारीके नै देखैत अछि । देखहो परल त पिसिआर रिपोर्ट के प्रतिक्षा करैत अछि ?

हालसाले परिमार्जित कोभिड - १९ सम्बन्धी नेश्नल परिक्षण निर्देशिका अनुसार आईसियुमे राख परवला सब बिमारी आ शल्यक्रिया कर सँ पहिले पिसिआर परिक्षण कर पइत कहने छै । लेकिन, आकस्मिक शल्यक्रिया करपरवला केसके सन्दर्भमे मुदा रिपोर्ट प्रतिक्षा नै कर परत कहिक स्पष्ट उल्लेख कॆने छै । एहन अवस्थामे स्वास्थ्यकर्मीके स्वास्थ्य सम्बन्धि साबधानी अपनाक शल्यक्रिया कर पइत ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1wrzHLdSDpLbAVsukYfS0HLeRS8m9XmTW/view

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत


कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,३७,७११ संक्रमित | १,०८,७४३ संक्रमित | ७३,९३२ संक्रमित | १,२७,१८१ संक्रमित | १,०१,८४० संक्रमित | १,०३,४६५ संक्रमित | १३,९९३ संक्रमित | २४,४२२ संक्रमित |
| ४,१०७ नेपाली संक्रमित | १,७३५ नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २४,३०४ नेपाली संक्रमित | २,४०० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित |
| ५२ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३७ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## यूएईमे लागु भेल किछ नयाँ नियमसभ

यूएईमे १ मार्च २०२० के बाद सँ आ १२ जुलाई २०२० सँ पहिले भिषा अवधी खतम भेलसभके अहि १० अक्टोबर २०२० भितर अपन भिषा नविकरण करालेव पड़त, अन्यथा देश छोडी देब पड़त । अन्यथा जरिवाना लागत । यदि किन्हको भिषा रद्द भेल अवस्थामे मुदा ई नियम लागु नै हेतै । भिषा रद्द भेल २८ दिन भितर देश छोडी देब पड़त ।

यूएईके रास अल खैमा मे अन्तराष्ट्रिय भिजिटरसभके लेल नि:शुल्क कोभिड - १९ के परीक्षण कएल जायवला छै ।

यूएईके दुबई एयरपोर्टम आबवला यात्रुसभके GDRFA अथवा ICA Approval महत्वपूर्ण हेतै से कहल गेल छै । यदि ICA या GDRFA Approval नै भेल अवस्थामे एयरपोर्टमे समस्या भोग पैर सकैत अछि ।

Air Arabia सारजाह आ आबुधाबीसँ होबवला अपन उडानसभमे कोभिड - १९ के परीक्षण नि:शुल्क उपलब्ध कराबवला भेल छै ।


**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००


अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च

रकम निकासा

खर्च भएको रकम




accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस

## लेखनाथ पोखरेल



प्रमुख, छत्रदेब गाउँपालिका, अर्घाखाँची

"पालिका भितर २८ कोईमे संक्रमण देखेलापर होटलसभ खाना खुवाब नै मानैछै, स्थानीयसभ अवरोध कर लगाएतके समस्या आएल । लेकिन, अपने खाना ललक सेहो क्वारेन्टाईनमे पुगल । बादमे अवस्था सामान्य होईत गेलै । सिमा नाकासँ आबवला दाजुभाईके प्रदेश सरकार सिधे पालिका पठेलाके कारण सँ निरन्तर समस्या आबैत रहलै । अपने कानो भी समय संक्रमित होबके सम्भावना अखनो छै । जनताके सेवक भेलके कारण अपने नै हो रहि त पालिका भितरके जनताके बचाबके दायित्वसँ बिचलित नै भेलछी । हमरा कारण सँ आरोके संक्रमित होब परै तै मे सचेत छी ।"

## सबिता पाण्डे



अहेव, गोनाहा स्वास्थ्य चौकी, मायादेबी गाउँपालिका, रुपन्देही

"लकडाउन शुरु भेल दिन सँ क्वारेन्टाईन आ आइसोलेशनके ब्यवस्थापन तथा ईलाजमे खटिरहल छी । प्रारम्भे मे इन्चार्जके कोभिड पुष्टि भेलाके बाद बहुते डर लागल । सात दिन भैरहवाके होटलमे आइसोलेशनमे रहलौ । पिसिआर रिपोर्ट नेभेटिभ एलाके बाद मात्रे घर एलौ । अखन बुखार आ सुख्खाखोकीके बिम(ारीसभ बहुते बढल अछि । हुनकासभके दैनिक सेवा दैत रहपडैत छै । बुटवलमे रहल घरसँ ३४ किलोमिटरके दुरीमे रहल स्वास्थ्य चौकीमे आवाजाह करैत छी । अपने संक्रमित भजाएब त २ टा बेटाबेटीके केना सुरक्षित राखब से चिन्ता अछि ।"

## लक्ष्मण पाण्डे




प्रमुख प्रशासकीय अधिकृत, गुल्मीदरबार गाउँपालिका, गुल्मी

"कोरोना संक्रमितके पौष्टिक आहार प्रदान केनाई आ मनोपरामर्श देववला कामके लेल पालिका भितर रहल स्वास्थ्यकर्मीसभके परिचालन करके साथे अपनो सेहो खटैत छी । पालिका भितरके सब वडाके बासिन्दासंगे नित्य सम्पर्क भरहलाके कारण कखन संक्रमित होएब से डर लगैय । स्वास्थ्य सुरक्षा अपनेनाई आ भौतिक दुरी त कायम त केनहे छी । लेकिन, संक्रमणके सम्भावना उच्च छै । बाबु जी मधुमेहके बिमारी भेलाके कारण हुनका संक्रमण सँ केना बचाएब से चिन्ता लगैत अछि । दशमी दिपावली नजिक एला सँ पालिका भितर आवाजाही बढलाके सम्भावना भेला सँ जोखिमके नियन्त्रण करके लेल जरुरी रणनीति बनाव जुटिरहल छी ।"

# नेपालमे संक्रमण पुष्टि होबके रफ्तार डरवना तरिका सँ बढिरहल

## नेपालमे दू सप्ताहमे देखाएल कूल परिक्षण मे सं संक्रमण पुष्टि होबवलाके संख्या




उपरके ग्राफमे वितल दु सप्ताहमे कएलगेल दैनिक परिक्षण आ संक्रमण पुष्टि भेल प्रतिशतके देखाएल गेल छै । अईसँ संक्रमण पुष्टि होबके रफ्तार हरेक दिन धिरेधिरे बढिरहल देखाबैत छै । आश्विन १८ गते सँ प्रत्येक ४ कोईके परिक्षण केलापर १ कोईके कोभिड - १९ के संक्रमण पुष्टि भेल छलै । लेकिन अई अवधीमे परिक्षण के रफ्तार नै बढनाई मुदा डर लागवला बात छै । ई देखला सँ, सरकारके स्वास्थ्य निकायसँ बेसी समुदाय स्तरमे कोभिड - १९ के संक्रमणके रफ्तार बेसी देखाएल छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs